



THE SCHOOL DISTRICT OF
PALM BEACH COUNTY, FL

MICHAEL J. BURKE
SUPERINTENDENT

FRANK A. BARBIERI, JR., ESQ.
BOARD CHAIRMAN

OFFICE OF THE SUPERINTENDENT
3300 FOREST HILL BOULEVARD, C-316
WEST PALM BEACH, FL 33406-5869

PHONE: 561-629-8566 / FAX: 561-649-6837
WWW.PALMBEACHSCHOOLS.ORG

KAREN M. BRILL
BOARD VICE CHAIR

MARCIA ANDREWS
ALEXANDRIA AYALA
BARBARA MCQUINN
DEBRA L. ROBINSON, M.D.
ERICA WHITFIELD

2021-2022 Avi pou Paran/Responsab sou Dwa yo pou Jwenn Enfòmasyon sou Pwogram Anyèl Tit I a

10 out 2021

Chè Paran/Responsab:

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la resewa lajan nan men gouvènman Federal pou lekòl ki gen pwogram Tit I yo anba Lwa *Every Student Succeeds Act (ESSA)* ann anglè). Kòm paran ki gen pitit nan yon lekòl Tit I, ou gen dwa pou mande epi resewa enfòmasyon sou edikasyon pitit ou.

Daprè lalwa, ou gen dwa pou:

- Mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè k ap anseye pitit ou a;
- Se pou yo fè w konnen si yo voye pitit ou nan klas yon pwofesè yo konsidere ki p a nan domèn l ap anseye a, paske li pa lisansye nan sijè a oswa pou klas l ap anseye a ;
- Mande si genyen manm pèsònèl ki pa pwofesè k ap anseye pitit ou epi, si wi, kalifikasyon pwofesyonèl yo;
- Se pou yo ba w enfòmasyon sou nivo randman pitit ou a ak kwasans akademik li nan evalyasyon akademik eta a.

Pou mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè ak moun ki pa pwofesè k ap anseye pitit ou, tanpri kontakte lekòl pitit ou a epi mande pou pale ak responsab *Tit I* an. Pandan ane a ap avanse, lekòl la ap enfòme w sou nivo randman pitit ou ak evalyasyon akademik li nan eta a (*state academic assessments*) ak si pitit ou a te genyen yon pwofesè ki pa gen yon sètifikasyon nan domèn oswa nan nivo klas l ap anseye a.

Mèsi pou enterè kontini ak patisipasyon w nan edikasyon pitit ou.

Sensèman,

Michael J. Burke
Sipèntandan